



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 21/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA “PETER FALK’S” LA KI ETABLI
NOTIFIKASYON OBLIGATWA KONSÈNAN FEN LAVI MOUN YO**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo siyen pwojè-lwa “Peter Falk’s” la ki egzije gid pou notifikasyon pandan fen lavi moun ak dwa vizit pou avize fanmi ak pwòch moun ki envalid yo konsènan pwosesis titèl legal yo.

Lwa (A.3461-C/S.5154-C) sa a, egzije yon òdonans tribinal pou nonmen yon titèl pou sipèvize swen yon moun yo antisipe ki pral mouri, pou idantifye tout moun ki gen dwa pou resevwa notifikasyon pou aranjanman lè yon moun mouri, lè fineray ak antèman yo.

Gouvènè Cuomo te di: “Lè yon moun pèdi yon pwòch yo se yon moman ki toujou difisil, men lè yo pa bay yo chans pou yo di orevwa petèt pi difisil ankò. Mezi lwa sa a pral ede asire ke fanmi ak zanmi yon moun pral gen opòtinite pou yo eksprime lanmou yo epi rann omaj nan moman difisil sa a.”

Nan kèk sikonstans selon lwa aktyèl la, titèl legal yo nonmen yo te neglije notifiye fanmi oswa zanmi pwòch moun nan yo lè yo vinn tonbe malad, etènen lopital oswa mouri. Lè nou rann li obligatwa pou notifiye ak idantifye lòt manm fanmi ak zanmi yo, lwa sa pral ede asire titèl legal yo pral pa kapab izole yon moun ki envalid ankò lè yo preske mouri.

Senatè John A. DeFrancisco te di: “Sa fè m plezi anpil Gouvènè Cuomo siyen lwa mwen te pwopoze a pou l vin lwa Peter Falk’s la. Pou chak sa ki pa kòrèk, ta dwe gen yon rekou. Lwa sa pral ede pwoteje malad ak moun ki preske mouri yo de izolasyon fanmi yo, pandan l ap asire yo enfòmè fanmi ki pi pwòch yo konsènan kondisyon malad la jiska lanmò moun lan, aranjanman pou fineray li, ak antèman l.”

Manm Asanble William B. Magnarelli te di: “Mwen vle remèsye Gouvènè a paske l te siyen lwa enpòtan sa. Yo nonmen pwopozisyon lwa sa konsa pou onore aktè lejandè, Peter Falk. Peter Falk te yon natif natal New York epi li te gradye nan Inivèsite Syracuse. Lwa sa pral pwoteje dwa pitit ki fin gran yo ak fanmi lè yo mete yon moun sou swen titèl. Li pral pwoteje dwa yo pou yo resevwa notifikasyon lè moun nan mouri epi si yo te etènen l nan lopital. Li pèmèt tou pou yon tribinal nonmen epi idantifye moun ki gen dwa vizit nan òdonans titèl la yo. Piti fi Peter a, Catherine Falk, te atire atansyon m a pwoblèm sa. Lè papa l te vin tonbe malad, yo te anpeche l vizite l epi yo pa t notifiye l de chanjman siyifikatif kondisyon l lan yo. Sa te enspire l pou l vin defann dwa lòt manm fanmi ki ap fè fas a izolasyon inapwopriye yon manm fanmi ap sibi nan men yon titèl. Mwen vle remèsye Catherine pou defans enfatigab li pou rann lwa sa pase.”

Tretman pandan fen lavi aktè defen ak vedèt seri televizyon “Columbo” a, Peter Falk, te pwovoke enterè pou “Lwa Peter Falk’s” la. Pitit fi M. Falk la te akize ke yo te bay dezyèm madanm aktè a titèl li epi li te bloke tout sòt kontak ak lòt manm fanmi an yo pandan fen lavi l.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418